Bharat Temples

# पहिले हम तोहके मनाईब हों गौंरा के ललनवा

पहिले हम तोहके मनाईब हों गौंरा के ललनवा,
गौंरा के ललनवा हो शंकर के सुमनवा,
पहिले हम तोहके मनाईब हों गौंरा के ललनवा,

ब्रह्मा से पहिले हों विष्णु से पहिले,
भोले से पहिले मनाईब हों गौंरा के ललनवा,
पहिले हम तोहके मनाईब हों गौंरा के ललनवा

रामा से पहिले हों लक्ष्मण से पहिले,
सीता से पहिले मनाईब हों गौंरा के ललनवा,
पहिले हम तोहके मनाईब हों गौंरा के ललनवा

गौंरा से पहिले हों लक्ष्मी से पहिले,
सरस्वती से पहिले हों मनाईब हों, गौंरा के ललनवा,
पहिले हम तोहके मनाईब हों गौरा के ललनवा

गंगा से पहिले हो यमुना से पहिले
सरजु से पहिले मनाईब हों गौंरा के ललनवा
पहिले हम तोहके मनाईब हों गौंरा के ललनवा

Source:
https://www.bharattemples.com/pehle-hum-tohke-manib-hon-gora-ke-lalnva/

Bharat Temples

Complete Bhajans Collections - Download Free Android App
https://play.google.com/store/apps/details?id=com.numetive.bhajans

Facebook: https://www.facebook.com/bharattemples/
Telegram: https://t.me/bharattemples
Youtube: https://www.youtube.com/channel/UC24oJCxZJyhhKzSUD-Lt9Tw